



Se vrè:

# Fanm yo, nou kapab evite kansè kòl iteris.

*Women, you can prevent cervical cancer – Haitian Creole*

## Youn nan pi bon bagay ou kapab fè pou anpeche ou gen kansè kòl iteris se fè tès regilye pou li.

Tèsyo pou depistaj kansè kol iteris se tès HPV ak tes Fwoti vajinal. Tès HPV test ap cheche enfeksyon nan kalite HPV ki kapab lakòz pre-kansè ak kansè matris la. Tès Fwoti vajinal la ap analize selil doktè a pran nan matris la pou jwenn chanjman ki ta ka kansè oswa pre-kansè.

**Doktè ou oswa enfimyè ou** kapab di ou konbyen fwa ou bezwen teste.

**Si ou gen laj ant 25 ak 65 ane**, ou ta dwe fè yon tès primè HPV (papilomavirus imen) chak 5ane (sa a se pi bon an). Si ou pa kapab fè yon tès HPV primè fè yon tès akonpayman (yon tès HPV avèk yon tès Fwoti Vajinal) chak 5 ane oswa yon tes Fwoti Vajinal chak 3 ane.

**Si ou fè tes depistaj regilye**, sa kapab ede jwenn chanjman yo anvan yo tounen kansè epitou sa kapab ede jwenn kansè kòl iteris. Tès Fwoti Vajinal la kapab dekouvri li bonè, lè li piti epi li ka pi fasil pou trete.

**Pifò moun** pa konnen si yo gen HPV, poutèt sa li enpòtan pou yo fè tès la regilyèman.

**Menmsi ou te pran vaksen pou HPV**, ou toujou bezwen feo tes regilye jiska laj 65 ane.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kansè kòl iteris, ale sou sitwèb **cancer.org** oswa rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345**.